

SOSYETE KOUKOUYAN AKSYON

KREYOLIZAY YONN NAN PILYE PANSE AYISYEN

ESÈ

HENRI-ROBERT DURANDISSE

JEAN-ROBERT PLACIDE

MICHEL-ANGE HYPPOLITE (KAPTENN)

MANM SOSYETE KOUKOUYAN

KANADA

Kreyolizay se yon panse Ayisyen ki jèmen apati mo powèt Manno Ejèn kreye. Depi plizyè ane, se yon refleksyon ki fè chemen li nan Sosyete Koukouy, ki se pitit **Mouvman Kreyòl Ayisyen**. Se yon konviksyon ki soti nan yon pwosesis entelektiyèl epi emosyonèl avanse, dapre istwa epi volonte yon gwoup Ayisyen konsekans. Li reprezante yon refleksyon rasyonèl sou enpòtans lang kreyòl la, men tou, li se rezilta yon entuisyon ak yon santiman pwofon, ki konekte popilasyon an avèk kilti epi idantite li. Se yon mouvman kiltirèl ki mete lang, kilti ak idantite kreyòl ayisyen an nan premye plas, pou konstwi avni sosyete Ayiti a. Moun ki angaje nan panse sa a vle prezève, valorize epi devlope lang ak kilti kreyòl ayisyen an, kit se nan nivo nasyonal oswa entènasyonal.

Ann aprann konprann panse sa a ti gout pa ti gout, nan tout sa li gen ladan li:

1. Se yon panse ak yon konviksyon ki soti nan yon pwosesis entelektiyèl ak emosyonèl avanse anndan pèp ayisyen an.

Sa montre se pa sèlman yon konsepsyon entelektiyèl, men tou yon konviksyon ki soti nan yon pwosesis emosyonèl ki touche sentiman ak emosyon pèp ayisyen an.

2. Li reprezante yon refleksyon rasyonèl sou enpòtans lang kreyòl la, men li tou yon entuisyon ak yon santiman pwofon ki konekte popilasyon an avèk kilti li epi idantite li.

Se yon refleksyon rasyonèl sou enpòtans lang kreyòl nan sosyete a, nan objektif pou konekte Ayisyen pi plis ankò avèk kilti epi idantite yo.

3. Nan sans sa a, se yon mouvman kiltirèl ki mete lang, kilti ak idantite kreyòl ayisyen an nan premye plas nan sosyete a.

Se yon mouvman kiltirèl ki mete lang kreyòl, kilti ak idantite ayisyen an kòm priorite sosyete a. Se yon vizyon ki chita sou valorizasyon ak prezèvasyon lang ak kilti kreyòl la nan kontèks sosyal ak kiltirèl Ayiti a.

4. Moun ki angaje nan panse sa a vle prezève, valorize epi devlope lang ak kilti kreyòl ayisyen an, toupatou nan nivo entènasyonal avèk èd dyaspora a.

Moun ki angaje nan panse sa gen objektif pou yo prezève, valorize epi devlope lang ak kilti kreyòl Ayiti a, men tou nan yon nivo entènasyonal. Yo vle ekspòte kilti kreyòl ayisyen an epi enplike dyaspora a nan sipòte ak fè pwomosyon valè kiltirèl Ayisyen an.

Analiz sa a montre panse pou yon revolizyon kiltirèl ayisyen renouvle a se yon fenomèn ki depase yon senp ekzès mantal; li genyen tou yon dimansyon emosyonèl ki konekte ak kilti epi idantite pèp ayisyen an. Li valòze lang kreyòl la kòm yon eleman kle ki priorite nan idantite kiltirèl Ayisyen an epi gen objektif pou li jèmen nan rasin nasyon an epi nan nivo entènasyonal.

Vizyon

Panse sa a baze li sou de pilie fondamantal: Lang kreyòl la ak Fason moun viv kreyolizay la. Chak pilie sa yo esansyèl pou yon moun konprann tout mouvman an ak enplikasyon pwofon li yo.

Lang Kreyòl la

Rekonèt idantite kiltirèl kominote kreyòl ayisyen an

- Se yon revolizyon kiltirèl ki pèmèt Ayisyen fòme yon idantite sou baz lang kreyòl la. Lang sa a pa sèlman yon zouti kominikasyon. Chak pawòl pote istwa, tradisyon ak valè pèp ki ap pale kreyòl yo. Lè nou ap valorize lang sa a, kreyolizay ranfòse santiman apatenans ak fyète kiltirèl nan kominote a. Se yon fason pou n rekonèt ak apresye kontribisyon zansèt nou yo ki te konstwi lang sa a avèk tan epi detèminasyon.

Emansipasyon linguistik

- Se angaje nan yon batay pou plase lang kreyòl la nan tout aspè lavi ayisyen an tankou edikasyon, literati, medya, sèvis piblik ak kominikasyon ofisyèl, aloral kou alekri. Objektif li se diminye dominasyon lang kolonyal yo tankou franse, anglè ak panyòl epi pèmèt Ayisyen ki pale kreyòl yo ekspriye tèt yo lib-e-libè nan lang paran yo. Se pa sèlman yon kesyon jistis lengwistik, men se an menm tan konstriksyon yon idantite endepandan ak konfyans nan kapasite nou kòm pèp.

Otonomi linguistik

- Anseyman ak itilizasyon lang kreyòl la nan sistèm edikatif ayisyen an se yon priorite pou kreyolizay la. Sa pèmèt jenerasyon ki ap vini yo devlope yon kapasite lengwistik solid ak fyète pou kilti yo. Lè yo aprann, ekri epi panse nan lang paran yo nan lekòl, jèn yo konstwi pèsonalite yo epi devlope kapasite entelektiyèl ak emosyonèl yo pi fasilman. Prensipal fonksyon kreyolizay la se afime idantite kiltirèl kreyòl popilasyon ayisyen an epi viv li avèk fyète.

Pwomosyon ak itilizasyon lang kreyòl la

- Fè pwomosyon itilizasyon lang kreyòl la nan tout domèn lavi sosyete ayisyen an: edikasyon, literati, medya, ak kominikasyon ofisyèl. Nan sans sa, nou vle diminye jiska elimine dominasyon lang kolonyal yo

epi rann posib pou moun ki pale kreyòl itilize lang paran yo san restriksyon.

Fason Moun Viv avèk panse sa a

Rekonèt idantite kiltirèl

- Prensipal misyon kreyolizay la se valorize kilti kreyòl la nan tout domèn lavi ayisyen an. Lang kreyòl la se yon zouti enpòtan pou transmèt epi prezève bèl kilti sa a nan tout divèsite li. Lè nou selebre divès manifestasyon atistik ak kiltirèl nou yo an kreyòl, kreyolizay ranfòse lyen kiltirèl ki egziste nan mitan tout Ayisyen.

Emansipasyon linguistik

- Lè nou ankouraje itilizasyon lang kreyòl la, panse sa a rasanble epi pèmèt nou mete sou kote diskriminasyon ki baze sou lang ak eritay kiltirèl yo. Valorize epi entegre lang ak kilti kreyòl la nan sosyete a ap ede derasinè diskriminasyon ak prejije ki afekte kominote nou yo depi lontan.

Pwomosyon ak itilizasyon lang kreyòl la

- Yon lòt eleman kle nan kreyolizay la se favorize novote kay tout kreyatè (ekriven, powèt, mizisyen, syantifik) ki sèvi ak lang kreyòl la nan travay yo. Konsa, panse sa a ap kontribye nan devlopman yon pwodiksyon kiltirèl ayisyen dinamik ak modèn, ki pèmèt pou lang ak idantite kreyòl ayisyen an rete vivan epi vini toutbon vre enkontounab san kondisyon.

Rekonesans legal ak sosyal

- Prensipal fòs kreyolizay se fòse tout sektè nan sosyete a aksepte prezans ofisyèl lang kreyòl la nan tout nivo lejislasyon anndan peyi a. Sa pral garanti estati legal lang kreyòl la epi itilizasyon li nan tout espas kote li kontinye ap bloke.

Enklizyon sosyal

- Panse sa a ankouraje rekonèt pliralite linguistik ak kiltirèl an Ayiti. Angajman sa a esansyèl pou bati yon sosyete ki respekte divèsite kiltirèl Ayiti eritye a pandan tout ekzistans li. Nou pa vle yo diskrimine nou ni nou pa pe diskrimine tou.

Kreyativite ak inovasyon

- Panse sa vle travay kòm chèf gadyen pou rekonesans san parèy lang kreyòl la nan tout nivo kreyativite ayisyen an. Kreyativite Ayisyen an se yon sous kontinyèl admirasyon ak enspirasyon. Anndan chak Ayisyen gen yon atis, yon kreyatè, yon vizyonè ki santi epi reflechi nan fason espesyal. Nivo kreyativite sa a pa sèlman reflekte nan atizay ak literati, men li antre nan chak aspè nan lavi pèp la, soti nan fason yo rezoud pwoblèm jouk jan yo selebre lavi ak konesans.

Prensip panse a

Prensip yo ka rezime konsa:

- Otonomi Linguistik:** Ranfòse kapasite lengwistik jenerasyon ki ap vini yo ak fyète kiltirèl nan yon sistèm edikatif ki valorize lang kreyòl la. Fè pwomosyon ansèyman epi itilize lang kreyòl la toupatou nan sistèm edikasyon an pou ranfòse konpetans lengwistik nan tout nivo ansanm ak fyète kiltirèl nouvlè jenerasyon an.
- Lèjitimitè Kiltirèl:** Ranfòse estati legal kilti kreyòl ayisyen an ak vizibilite li. Aksepte kilti kreyòl la ap pèmèt nou selebre divèsite ak richès li pandan nou ap travay pou demontre enpòtans li nan patrimwàn kiltirèl mondyal la.
- Angajman Kominotè:** Ankouraje patisipasyon aktif kominote kreyolofòn ayisyen yo nan pwomosyon ak presèvasyon lang ak kilti yo. Angajman kominotè sa a esansyèl pou konstwi yon sosyete kote chak moun kapab devlope pwòp tèt li nan respè pou lang ak kilti majorite sosyete a.
- Revandikasyon Politik:** Batay pou lang kreyòl la jwenn rekonesans ofisyèl nan tout lejislasyon nasyonal yo. Se yon akseptasyon esansyèl pou garanti respè pou lang nou an epi fè pwomosyon li.
- Kreyativite ak Inovasyon:** Sipòte atis yo ki ap kreye nan lang kreyòl la, valorize inovasyon atistik, lengwistik epi syantifik nan kominote ki ap pale kreyòl yo. Fòk Leta pran responsablite pou li finanse tout kalite travay atistik epi syantifik ekspè yo devlope nan lang kreyòl la. Se sa ki ap pèmèt lang kreyòl la rete vivan epi make pwen pandan li ap demontre orijinalite nan tout domèn.

An rezime, prensip kreyolizay yo mete aksan sou devlopman lang kreyòl la nan tout aspè lavi piblik, kiltirèl, syantifik epi li sipòte inovasyon ak kreyativite nan kominote ki ap pale kreyòl yo.

Konklizyon

Kreyòl pa gen limit. Sèl limit li se limit moun ki pale li yo. Kòm kouran panse, se yon fason pou pèp ayisyen an ki pale kreyòl bay kolonizatè yo monnen pyès yo apre plizyè syèk devalorizasyon. Li antre dyanm nan yon pwosesis pou nou òkestre devlopman pwòp tèt nou, pwòp lang nou, ak pwòp kilti nou sou kontwòl pa nou. Se yon fason pou nou retabli diyite nou epi valorize tout richès ki genyen anndan lang kreyòl la.

Lè nou sèvi ak li pou nou fè pwomosyon ak valorizasyon lang kreyòl, nou antre nan yon dinamik pou nou devlope yon sosyete ekite, kote tout moun respekte tout moun. Panse ki la, se yon mouvman ki ap goumen pou li garanti idantite kiltirèl pèp ki pale kreyòl epi elimine dominasyon lang kolonyal yo pandan li ap fasilite inovasyon atistik, lengwistik epi syantifik an kreyòl.

Li plis pase yon mouvman lengwistik; se yon aksyon rezistans kiltirèl, yon deklarasyon pou nou afime idantite nou, epi yon fason pou nou selebre ladivèsite sou latè. Lè nou aksepte epi valorize lang kreyòl, se panse sa a ki ap ede bati yon monn, kote tout lang ak kilti kapab grandi lib-e-

libè, paske tout moun gen plas yo anba syèl ble a. Aksyon sa a esansyèl. Li pèmèt nou kreye yon sosyete, kote divèsite lengwistik yo vin yon richès olye yon sentewonp.

Panse sa a antre dyanm nan yon transfòmasyon sosyal ak kiltirèl, ki la pou li tabli diyite lang kreyòl epi fè pwomosyon itilizasyon li nan tout aspè lavi chak jou. Nou dwe toujou sonje: Kreyòl pa gen limit. Sèl limit li se limit moun ki pale li yo.

Nan panse sa a, nou wè yon fòm revolizyon kiltirèl ki baze sou valè lang ak kilti kreyòl la kòm eleman enpòtan pou nou afime idantite ak richès kiltirèl Ayisyen an. Mouvman sa a mete devan lang zansèt nou yo tankou yon zouti pisan pou nou kominike, ekri, epi pataje tout sa nou ye, tout sa ki fè pati kilti kreyòl ayisyen an. Li pa sèlman yon rechèch pou valorize sa ki fè kreyòl la diferan epi enpòtan, li se an menm tan yon objektif pwofon pou nou pwoteje epi ranfòse kilti nou nan tout nivo lavi sosyete ayisyen an.

Panse sa a apwouve bèlè kiltirèl Ayisyen an, men li kontribye tou nan respè pou divèsite kiltirèl nan sosyete a. Li defann dwa lang kreyòl la nan tout kontèks, soti nan edikasyon jouk rive nan espas piblik ak kominikasyon ofisyèl. Li pa sèlman yon manifestasyon kiltirèl; li se yon pyès fondamantal nan bati yon sosyete ki valorize, pwoteje, epi apresye tout richès ak divèsite kiltirèl yo.

Li reprezante yon rezistans pwofon kont devalorizasyon ak majinalizasyon lang kreyòl la pandan plizyè syèk. Lang kreyòl la te souvan wè kòm yon lang enferyè, yon zouti pou sèvis, oswa menm yon lang kip a gen kapasite lang kolonyal yo. Men, panse sa a remete sa an kesyon.

Prensipalman, panse sa a mete an valè enpòtans ak richès lang kreyòl la nan kontèks mond kontanporen an. Li defann lang sa a kòm yon zouti pratik pou kominikasyon, men tou kòm yon fòm kiltirèl ki afime idantite ak patrimwàn Ayisyen an. Lè nou ap pale de "kreyolizay," nou pa senpman pale de yon pwosesis lengwistik, noua p pale tou de yon revolizyon kiltirèl ki pèmèt moun yo fòme yon idantite kolektif sou baz lang ak kilti kreyòl la.

Nan sosyete, kote panse sa a ap fonksyone, li pote yon vrè jistis kiltirèl, valorize lang paran yo, epi mete lòd pou yon apresyasyon pi pwofon de kilti kreyòl ayisyen an. Li pa sèlman yon manifestasyon idantite, men tou, li se yon fason pou nou kontribye nan patrimwàn kiltirèl mondyal. Pandan panse sa a ap pwomouvwa epi devlope lang ak kilti kreyòl la, li ap kontribye tou nan bati yon sosyete ki pi ekite, ki respekte divèsite ak diyite chak moun.

Liv nou konsilte

Ayisyenite ak Kreyolite : Mouvman Kreyòl Ayisyen / Sosyete Koukouy, Jean-Robert Placide (2023), pp. 165-190.

Sezon Papiyon, Manno Ejèn (2013), p. 23.

BIYÈ LEKTÈ YO

Bonswa Kaptenn,

Mwen pran anpil plezi nan li Paj Kreyòl la. Li ban mwen chans pou mwen devlope konpetans mwen nan li kreyòl apati kou kreyòl mwen te suiv Nan Sant N A Rive a, nan Monreyal. Mwen ap pwofite di tout pwofès mwen yo, yon gwo mèsi. Mwen vle di: Jean-Robert Placide, Joseph Sauveur Joseph, pwofèsè envite Lenous Suprice epi òganizatè pwojè a Conception Gervé.

Pandan mwen ap li paj kreyòl la semenn sa a, mwen rankontre yon mo mwen pa te janm tande oswa li anvan sa. Se Mo **mounite** a. Se vre, mwen jwenn definisyon mo a nan atik la. Men, èske yon moun gen dwa fè mo jan li vle? Pou mwen, se non. Dwe genyen yon kote, ki sanksyon mo sa yo. Nan Kebèk, nou genyen *Office de la langue française*, ki pran koze mo ki ap rantrè nan lang lan sou reponsablite li, epi Leta akonpaye li. Kidonk, Leta ba li pouvwa. An Ayiti, se Akademi Kreyòl Ayisyen an ki pou jwe wòl sa a kòm yon enstitisyon endepandan. Li dwe sèvi avèk pouvwa konstitisyon an ba li pou li mete lòd. Anfèt, dapre atik 213 Konstitisyon 1987 la, Akademi kreyòl Ayisyen an gen pou li mete lòd nan devlopman lang kreyòl la. Se yon fason pou lang lan byen devlope syantifikman epi nan amoni. Sa ki vle di, kesyon 2,3 mo diferan pou yon menm konsèp la ta dwe sispann. Mwen panse, pyès moun pa dwe pran libète pou li ap simen mo sou moun san Akademi kreyòl la pa genyen mo pa li pou li di nan sa.

Akademi an se yon enstitisyon endepandan. Li pa oblije al mande okenn moun pèmision. Sepandan, li dwe tabli bon relasyon avèk tout enstitisyon ki nan peyi a. Se yon fason pou li travay avèk yo, pou avansman lang kreyòl la. Fòk li genyen yon mwayen pou li ankouraje tout moun ki vle kreye mo nèf pou yo voye mo sa yo ba li. Se pa paske mo a genyen yon chapant kreyòl ki vle di li kreyòl pou sa. Kreyòl la genyen istwa pa li epi li genyen pwòp kilti pa li. Konsa, Akademi Kreyòl Ayisyen an dwe fè tout demach li konnen pou li apwouve mo sa yo oswa di aklè, dapre prensip X oswa prensip Y, mo sa a oubyen mo sa yo pa pe rantrè nan diskisyonè, yomenm yo ap fè a. Men, kanta mo ki soti dirèk nan pèp la, swa apati bann rara, mizik atis yo, elatriye, ki deja fin anvayi tout teritwa a, Akademi an dwe aksepte yo san grate tèt epi rantrè yo nan diksyonè li dwe kreye a.

Se kalite aksyon konsa, lè Akademi kreyòl Ayisyen akonpli yo nan tout nivo, ki pral demontre, li pran responsablite li nan koze lang kreyòl la. Akademi Kreyòl la dwe travay pou li vin yon referans. Se aksyon li pral antreprann yo, ki pral pwouve sa.

Keder Hyppolite

Ansyen Prezidan CONACOH (Konsèy Nasyonal Sitwayen Orijin Ayisyen)

Ansyen Prezidan ACCESSS (Alliance des Communautés Culturelles pour l'Égalité dans la Santé et les Services Sociaux)

Ansyen jij pou komite disiplin nan prizon federal

Kanada